



Pou Piblikasyon Imedya: 08/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI DISPENSÈ KANABIS POU UTILIZASYON ADILT NAN REJYON KAPITAL LA

*Premye nan rejyon an ki sipòte pa Fon Envestisman pou Ekite Sosyal nan Kanabis New York la*

*Nouvo biznis ki dirije pa benefisyè ki te enpakte pa lajistis*

Gouvènè Hochul te anonse jodi a ouvèti de dispansè kanabis pou itilizasyon adilt nan Rejyon Kapital la – premye nan rejyon an ki sipòte pa Fon Envestisman pou Ekite Sosyal nan Kanabis New York la. Fon an te kreye pou bay opòtinite pou sila yo ki afekte pa aplikasyon ki pa ekitab lwa sou kanabis yo.

“Pandan mache kanabis la ap elaji, administrasyon mwen an konsantre pou pwoteje sante ak sekirite tout Nouyòkè, ede ti biznis yo pwospere, epi konstui sektè kanabis ki pi ekitab nan peyi a” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Eta New York ap kontinye bay pwodui ki san danje, legal pou konsomatè yo pandan n ap travay pou ede sila yo ki sible pa aplikasyon ki pa ekitab sou kanabis la nan tan pase.”

Nan Troy, 420 Bliss te ouvè nan dat 7 desanm nan 740 Hoosick Street. 420 Bliss se pou Al Attoh, Renee Lindo ak Gregg Little, antreprenè ki gen eksperyans nan komès detay, konstriksyon ak biznis mizik, pami lòt yo. Objektif yo se pou kreye yon antrepriz ki estab, ki dirab ki ofri yon eksperyans ki agreyab pou konsomatè yo.

Nan Albany, Capital District Cannabis and Wellness, 997 Central Avenue, te ouvri nan dat 8 desanm. Dispansè a se pou rezidan natif natal Rejyon Kapital la James Frese ak Pasha Adams, zanmi depi lontan ki pote antesedan antrepriz divèsifye yo nan sektè restoran, imobilye, volontarya ak plis ankò, ansanm ak yon gwo angajman pou kominote sèvis la.

**Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare,** “Legalizasyon kanabis Eta New York la te yon etap ki tèlman nesèsè pou mete fen nan enjistis sosyal ak rasyal sou kriminalizasyon mariguana a, e se poutèt sa Vil Albany te travay san pran souf pandan de ane ki pase yo pou prepare pou ouvèti premye dispansè nou yo. Komite Konsiltatif Kanabis la te ede solisite kòmantè, enfòmè, epi fòmè reglemantasyon kanabis la nan nivo minisipal ki enkli tan, plas, ak fonksyonman dispansè vant detay pou itilizasyon

adilt yo ak lisans konsomasyon sou plas, edikasyon piblik, ak pwoteksyon sante ak sekirite kominotè nan vizyon ekite sosyal ak rasyal la. Mwen enpasyan pou wè kijan travay komite konsiltatif la ap ede afekte nan fason pozitif nouvo dispansè nou yo ak tout kominote a. Mèsi Gouvènè Hochul pou dèske ou egzekite kad legalizasyon kanabis la epi kreye opòtinite pou pwopriyetè ti biznis atravè Eta New York."

**Manm Konsèy Komen Albany, Hyde Clarke te deklare,** "Mwen tèlman kontan pou pataje anons nouvo sa ki antre nan espas komès detay kanabis pasyonan New York la, epi mwen onore pou akeyi Cannabis and Wellness Inc. Rejyon Kapital la nan 12th Ward. Enstalasyon an se yon pa ann avan pou pèmèt sekirite ak vant legal kanabis nan Vil Albany nan yon moman kote nou wè twòp nan vant sa yo prale deyò vil nou an ak lwen Eta New York. Mèsi a pwopriyetè yo ak Eta New York dèske nou chwazi Central Avenue pou nouvo opòtinite sa. Nou bezwen akeyi epi travay ak nouvo biznis ki investi nan vil nou an, epi investisman sa se yon bagay enpòtan ki ajoute nan koridò antrepriz nou an."

**Prezidan Konsèy pou Kontwòl Kanabis Eta New York la, Tremaine Wright te deklare,** "Nou kontan anpil pou wè premye dispansè kanabis pou itilizasyon adilt ki sipòte pa Fon Investisman pou Ekite Sosyal Kanabis New York la ouvri nan Rejyon Kapital la. Antrepriz sa yo enkòpore prensip ekite sosyal ke MRTA oryante a. Investisman Fon an te bay antreprenè yo kapasite pou konstui antrepriz ki dirab ki kontribye nan kominote yo. Inisyativ piyonyè sa fè yon premye pa pou nasyon an, epi demontre angajman New York pou favorize yon sektè kanabis pou itilizasyon adilt ki divèsifye epi enklizif."

**Ko-Pwopriyetè 420 Bliss la Al Attoh te deklare,** "Si se pa t fon an, gen anpil chans pou nou ta pran patnè finansye, epi renonse a yon pati nan antrepriz la. Fon an te ban nou opòtinite pou konstui yon biznis ke nou ka posede, youn k ap dire pou anpil ane k ap vini yo."

**Ko-Pwopriyetè Cannabis and Wellness Distri Kapital la, James Frese ak Pasha Adams te deklare,** "Sa vle di anpil pou nou pa sèlman pou nou gen opòtinite pou demare yon nouvo biznis nan vil natal nou, men pou nou gen sipò eta a ak kominote a. Fon pou Ekite Sosyal Kanabis New York la (New York Cannabis Social Equity Fund, DASNY), Biwo Jesyon Kanabis la (Office of Cannabis Management), epi asireman Gouvènè a tout te jwe yon gwo wòl nan ede rann magazen sa yon reyalite. Nou pa t ap ka fè sa san yo tout."

**Direktè Social Equity Impact Ventures, ki se Patnè Jeneral Fon an, Chris Webber te deklare,** "Fon pou Ekite Sosyal Kanabis New York la fyè pou travay ak pwopriyetè Cannabis and Wellness Distri Kapital la Pasha Adams ak James Frese, ke nou konnen ap yon fòs pozitif nan kominote rejyon kapital la epi k ap ede favorize objektif Fon Ekite Sosyal la pou kapasite antreprenè yo. Nou kanpe ak Gouvènè Hochul, lejislati eta New York, ak tout pati ki konsène yo pou travay pou demantle enpak aplikasyon enjis politik dwòg ki afekte kominote minorite yo nan fason ki pa pwopòsyonèl. Nou rekonesan anvé

Majistra Sheehan ak patnè nou yo nan DASNY, Chicago Atlantic Group, Biwo Jesyon Kanabis la, ak antreprenè ki nan ban devan mouvman sa."

Fon Envestisman pou Ekite Sosyal nan Kanabis Eta New York la, ke yo te otorize nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 ki te adopte a, se yon patenarya limite piblik-prive ki te fòme pou pozisyon antreprenè ekite sosyal yo pou yo reyisi nan nouvo endistri ki fèk kreye pou itilizasyon adilt New York la. L ap pèmèt eta a envesti nan yon fon prive pou finance lokasyon epi ekipe dispansè ki vann an detay pou itilizasyon adilt kondisyonèl yo nan Eta New York pou dirije pa moun ki te afekte pa aplikasyon lwa sou kanabis la nan yon fason ki pa ekitab. Li se premye konsa nan peyi an

Fon an ap ede moun ke Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) Eta NY la te bay yon lisans CAURD fè fas ak depans pou etabli dispansè pou vann kanabis an detay pou itilizasyon adilt, ki enkli idantifikasyon ak lokasyon lokal pou vann an detay ki apwopriye ak konsepsyon, konstriksyon ak amenajman espas yo. Li sipòte pa jiska 50 milyon dola nan frè lisans ak revni ki soti nan endistri kanabis pou itilizasyon adilt la, ak jiska 150 milyon dola ki sekirize ki soti nan sektè prive a.

Ouvèti dispansè yo nan Albany ak Troy fè pati plizyè dispansè k ap ouvri nan tout eta a nan mwa desanm. Nan rejyon kapital la, dispansè yo ap ouvri nan Schenectady ak nan Rensselaer.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)